

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 50 MILYON DOLA POU MIZAJOU TEKNOLOJIK
NAN LEKÒL GRAS A LWA SOU ANGAJMAN LEKÒL ENTÈLIJAN AN**

52 Plan Investisman Apwouve Jodi A pa Komite Revizyon Lekòl Entèlijan

***2 Milya Dola Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan yo Sipòte Teknoloji Sal Klas,
Sekirite Modèn, ak Koneksyon Lekòl***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a apwobasyon 52 Plan Investisman pou Lekòl Entèlijan (Smart Schools Investment Plans) ki te vize amelyore sekirite lekòl ak re-imagine anseyman ak aprantisaj pou 21yèm syèk lan. Plan ki apwouve yo, ki ap totalize 50 milyon dola, fè pati Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan (Smart Schools Bond Act) 2 milya dola a - ki se yon inisyativ teknoloji edikasyon revolisyonè ki te pwopoze an premye pa Gouvènè a, epi ke elektè yo te vote an mas. Investisman ke yo te otorize jodi a pral ede garanti sekirite, modènize sal klas yo atravè New York, epi ekipe etidyan yo ak aptitud ke yo bezwen pou kapab pwospere nan ekonomi global la.

“Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan ap jwe yon wòl kritik nan asire sekirite lekòl ak modènize sal klas ki demode yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa a elaji opòtinite edikatif epi bay elèv yo aptitud ak teknoloji ke yo bezwen pou kapab reyisi nan ekonomi 21èm syèk lan.”

“Pwogram Lekòl Entèlijan an laji opòtinite aprantisaj yo epi ap ofri teknoloji avanse ak koneksyon nan saldeklas yo toupatou nan New York, epi an menm tan fè kourikoulòm nan antre nan 21yèm Syèk la”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.**

“Investisman 50 milyon dola sa a ki fè pati Plan Investisman pou Lekòl Entèlijan yo ap garanti elèv yo gen konpetans yo bezwen yo nan ekonomi entènayonal inovasyon ak teknoloji an. Nou dwe kontinye pran mezi pou modènize saldeklas nou yo epi bay tout elèv yo opòtinite egal pou yo reyisi.”

Komite Revizyon Lekòl Entèlijan lan (Smart Schools Review Board) te rankontre pou douzyèm fwa jodi a pou kapab konsidere plan investisman yo ke distrik lekòl ak lekòl edikasyon espesyal yo te soumèt yo. Komite sa te konpoze ak Direktè Bidjè a, Rektè Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY), ak Komisè Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department).

43 distrik lekòl ak 7 lekòl edikasyon espesyal te soumèt plan ki te apwouve jodi a yo. Pwojè yo enkli 30 milyon dola pou pwojè sekirite wot teknoloji, 16.7 milyon dola pou pwojè konektivite lekòl yo, ak 3.2 milyon dola pou acha teknoloji nan saldeklas yo. W'ap jwenn yon rezime 52 plan yo ki disponib [isit la](#).

Avèk Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan yo, distrik lekòl yo ap investi nan teknoloji tankou sèvè òdinatè, tablo blan entèraktif, tablèt, gwo bwatye òdinatè ak laptop, ansanm ak band laj a wot vitès ansanm ak koneksyon san fil. Teknoloji sa ap ede elèv yo aprann nan pwòp ritm pa yo, elaji aksè a kou avanse yo ak pwogram eskolè entèraktif yo, epi amelyore kominikasyon ant paran yo ak pwofesè yo. Investisman nan sekirite lekòl modèn soutni acha nouvo ekipman tankou kamera dijital ki gen rezolisyon wo pou amelyore kapasite videyo siveyans distri a, ak teknoloji sekirite.

Direktè Bidjè Eta a Robert F. Mujica te deklare, “Pwogram Lekòl Entèlijan an ap ede distrik lekòl yo enstale sistèm sekirite ak siveyans ki pral pwoteje timoun nou yo pandan ke l ap revolisyone sal klas yo pou vanse aprantisaj, asire konektivite, epi mete elèv yo nan yon pozisyon pou yo jwenn reyisit nan ekonomi demen an”.

Komisè Edikasyon Eta a, MaryEllen Elia te deklare, “Distrik nou yo ap pran yon apwòch pwoaktif pou ogmante konektivite epi kreye klima lekòl kote tout elèv ak adilt santi yo an sekirite epi ke yo santi yo byen akeyi yo. Prèske 30 milyon dola nan 50 milyon dola jodia a pral investi nan Buffalo, Syracuse ak apeprè 50 lòt lekòl distri ak Lekòl Edikasyon Espesyal pou fonksyon sekirite wot teknoloji nan bilding lekòl yo ak sou kanpis lekòl yo. Fon sa yo asire ke distri yo gen zouti elèv nou yo bezwen pou inivèsite, karyè ak lavi e ke yo an sekirite pou aprann ak devlope”.

Rektris SUNY an Kristina M. Johnson te deklare, “Toupatou atravè Eta New York, elèv ki nan tout klas ak nivo merite gen aksè a bon jan kalite ekperyans edikasyonèl ki pral ede yo pwospere andan saldeklas ak pi lwen, epi pwogram Lekòl Entèlijan Gouvènè Cuomo fè jisteman sa a. Lè yo bay saldeklas yo teknoloji dènye kri, elèv aktyèl ak alavni nou yo pral aprann aptitud ki pral prepare yo pou fleri nan ekonomi ak mendèv nou an k ap kontinye chanje an. Mwen felisite lekòl yo te akòde prim jodi a”.

An 2014, Gouvènè Cuomo te mande Eta New York pou li investi 2 milya dola nan lekòl li yo atravè Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan yo – ki se yon inisyativ ki ta pral finansè teknoloji edikatif ak enfrastrikti, k ap bay elèv yo aksè a teknoloji ki pi modèn, ak koneksyon ke yo bezwen pou kapab reyisi epi rivalize nan ekonomi 21yèm syèk lan. Nouyòkè yo dakò, pliske elektè yo te otorize Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan yo nan mwa Novanm sa.

Swit ak pwopozisyon Lwa sou Angajman sa, Gouvènè Cuomo te etabli Komisyon Lekòl Entèlijan an (Smart Schools Commission) pou rasanble enfòmasyon sou estrateji sou kòman lekòl yo ka investi finansman sa yo yon fason ki pi efikas. Komisyon konsiltatif sa te pwodwi yon [rapò final](#) ki te rekòmande pou yo met atansyon sou devlopman band laj ki solid ak koneksyon san fil, epi itilize teknoloji transfòmatif yo. Plan sa yo ki te apwouve jodi a pa Komite Revizyon Lekòl Entèlijan yo te reflekte anpil nan pi bon pratik ke Komisyon an te idantifye yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)